

Lekòl Piblik Lynn envite elèv nou yo ak fanmi yo pou yo patisipe nan Pwogram Lekti Ete 2022 nou an. Objektif inisyativ sa a se anpeche pèt lekti pandan y ap kiltive yon lanmou pataje pou lekti. Pou pi byen devlope konpetans ki nesese pou pwospere kòm sitwayen 21yèm syèk, nou mande pou elèv nou yo itilize aparèy LPS yo pou jwenn aksè nan platfòm liv elektwonik yo sou entènèt. Si w ta renmen li nan yon kopi papyè, tèks yo disponib nan Bibliyotèk Piblik Lynn Public.

Klas 6yèm-9yèm ak Fecteau-Leary

Tout elèv ki nan klas 5yèm-9yèm ane yo te resevwa kòd Open eBooks nan klas ELA yo.

1. Poi jwenn aksè nan Open eBooks, ale sou sit sa: <https://openebooks.net/>
2. Nan kwen anlè adwat, klike sou "catalog"
3. Klike "Sign in with First Book"
4. Antre Kòd Aksè Premye Liv ou ak PIN Premye Liv ou
5. Klike sou "Sign in"

Klas 10yèm-12yèm (Lynn Klasik, Lynn Anglè, Lynn Teknik)

1. Enstale aplikasyon Sora nan [Apple App Store](#), [Google Play Store](#) oswa ale sou soraapp.com
2. Nan Sora, klike sou "My school is MLS Commonwealth eBook Collection" epi chwazi "Lynn City Schools" nan meni ki dewoule a epi answit konekte ak non itilizatè lekòl ou ak modpas ou, si yo mande w.
3. Navige onglet "explore" a epi prete yon liv. Liv ou a ap louvri pou ou ka kòmanse li touswit
4. Fèmen liv la epi ale nan "shelf" tab pou wè tout liv ou yo. Soti nan la, ou kapab:
 - a. Chwazi **Open book** oswa **Open Audio** pou li oswa koute liv la
 - b. Chwazi **Options** pou renouvle oswa retounen liv la, wè nòt ou yo ak pwèn enpòtan yo, ak plis ankò.